Leson 3.5 Konte relyèf yo

Konsiy

Gade imaj yo epi eksplike diferans ant plèn, mòn, ak gwòt.



Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Lakou Kajou byen kontan w deside aprann avèk nou semèn sa a ! Si w te manke yon leson, mwen ekri aktivite ki ale ak chak leson pou ou.

CHAPIT 3 SEMÈN JEWOGRAFI

Leson 3.1 *Ki kote solèy la kouche ?*

Lendi

Mande timoun ou koute istwa *Ki kote solèy la kouche* ? a. Mande timoun ou chèche pozisyon solèy la 3 fwa nan jounen an (maten, midi, ak aswè). Mande timoun ou trase lonbraj li atè 3 fwa nan jounen an. Mande li ki lè lonbraj li long, ak ki lè lonbraj li kout.

Leson 3.2 Agrikilti Ayisyen

Madi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou ki diferan kalite fwi ak legim li konn wè k ap donnen kote nou abite a, oswa yon lòt kote nou konn vizite. Mande timoun ou desinen 5 fwi ki gwo, ak 5 fwi ki piti. Mande li konte fwi li nonmen yo. Kounye a, ede timoun ou rekonèt non kèk legim, konte yo, epi desinen yo sou yon papye.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Leson 3.3 Kat yo
Mèkredi

Materyèl : Kreyon, fèy papye, yon trezò

Di timoun ou al kache trezò a. Di l ou pral jwenn trezò a gras ak yon kat. Ale ak timoun ou nan pyès kote li kache trezò a. Pou fè kat la timoun nan dwe mezire ak pye li longè chak mi nan pyès kay la epi trase yon liy pou reprezante chak mi. Mande timoun nan desinen pozisyon mèb yo nan kat la. Lè li fin fè desen yo, di li mete yon kwa nan kat la pou montre ki kote trezò a kache.

Leson 3.4 Direksyon, pozisyon
Jedi

Materyèl : 5 bagay lakay ou

Mande timoun ou dekri kote kay nou ye avèk mo sa yo: lwen, pre, devan, dèyè, an wo, an ba. Mande timoun ou chwazi 5 bagay lakay ou epi ranje 5 bagay sa yo nenpòt jan. Apre sa, youn apre lòt mande timoun ou eksplike kote chak bagay ye pa rapò ak lòt 4 yo.

Leson 3.5 Konte relyèf yo
Vandredi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou chwazi yon diferan fòm ki ka ede li reprezante yon rivyè, yon plèn, ak yon mòn. Mande li fè yon kat epi ajoute plizyè nan fòm sa yo sou kat li a. Kounye a relyèf kat la gen yon pakèt fòm diferan sou li. Mande timoun ou konte diferan konbinezon fòm.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.